


## Ki Kalite Pèmi Mwen Kapab Resevwa nan DOT?



### Pèmi pou Ouvèti Lari ak Pèmi pou Ouvèti Lari nan kèk Lari ki Pwoteje

Kategori pèmi sa a aplike pou nenpòt travay Biwo Pèmi DOT kwè ki ta pa bon pou sifas lari a, tankou, men pa sèlman, ouvèti lari, fouy, oswa lòt travay nan yon lari ki ka lakòz domaj nan sifas lari a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Lari Pwoteje anjeneral, tanpri ale sou sitwèb <http://www.nyc.gov/html/dot/html/infrastructure/protectedst.shtml>

Anjeneral, Pèmi pou Ouvèti Lari nesèsè pou enstitisyon ki bezwen gen aksè nan enfrastrikti anba sifas, tankou konpayi sèvis piblik ak kontraktiyèl (tankou mèt-plonbye ki gen lisans). Pou jwenn plis enfòmasyon sou enstitisyon ki resevwa pèmi yo, tanpri ale sou sitwèb <http://streetworksmanual.nyc.gov/chapter-three/permitee-registration-process>.

### Pèmi pou Operasyon Konstwiksyon/Aktivite Konstwiksyon

Kategori pèmi sa a aplike pou aktivite konstwiksyon k ap fèt nan lari a epi anjeneral li asosye avèk travay konstwiksyon ki toupre lari a. Anjeneral, yon pèmi valab Depatman Konstwiksyon (Department of Buildings, DOB) Vil New York obligatwa anvan aplikasyon pou pèmi nan kategori sa a. Kèk nan aktivite konstwiksyon yo ki konsène nan kategori sa a gen ladan plasman materyo, ekipman, ak estrikti pwovizwa nan lari a oswa sou twotwa a (pa egzanp, materyo konstwiksyon, machin levaj ak manitansyon, kamyon manitansyon ak estokaj, yon kabàn oswa trelè, kontenè konstwiksyon, estrikti sekirite, charyo zouti, oswa pano règleman pakin konstwiksyon), oswa mouvman ekipman

konstwiksyon akote wout yo ak twotwa yo. Kategori sa a konsène tou enstalasyon anwo lari a (tankou bandwòl ak limyè dekorasyon) ak enstalasyon pèmanan sou lari a (tankou pakin bisiklèt). Anjeneral, Pèmi Operasyon Konstwiksyon/Aktivite Konstwiksyon nesesè pou enstitisyon k ap fè aktivite konstwiksyon, tankou devlopè yo ak kontraktiyèl yo.

### **Pèmi pou Konstwiksyon Twotwa**

Kategori pèmi sa a aplike pou nenpòt reparasyon twotwa, ranplasman twotwa, oswa nenpòt enstalasyon nouvo twotwa. Anjeneral, Pèmi pou Konstwiksyon Twotwa nesesè pou enstitisyon ki bezwen fè travay sou twotwa yo, tankou devlopè yo, kontraktiyèl yo, ak pwopriyetè kay prive (pou reparasyon twotwa epi sèlman si y ap fè travay la poukont yo).

### **Otorizasyon ak Pèmi pou Kanope**

Kategori pèmi sa a aplike pou otorizasyon ak pèmi ki obligatwa pou mete yon kanope sou twotwa a. Ou dwe jwenn yon Pèmi pou Ouvèti Lari yon sèl fwa pou enstale poto ki sipòte kanope a. Anjeneral, pèmi pou kanope nesesè pou pwopriyetè bilding yo, pwopriyetè biznis yo, ak enstalatè kanope.

### **Pèmi pou Rezèwva Fatra**

Pèmi pou rezèwva fatra komèsyal obligatwa pou mete yon rezèwva pou yon ti tan nan lari vil la pou itilizasyon tankou pwojè netwayaj oswa remodelaj. Pèmi sa yo pa nesesè nan de (2) sitiyasyon: (1) lè yon pèmi DOB apa obligatwa pou aktivite konstwiksyon, oswa (2) lè yon pèmi aktivite konstwiksyon DOT obligatwa.

### **Pèmi ak Apwobasyon pou Vout Bilding ak Chanm Transfòmètè**

Yon vout bilding se nenpòt ouvèti anba sifas lari a ki bay sou deyò liy pwopriyete a epi ki gen kouvèti sou li. Ouvèti konsa anba sifas lari a ka sèvi pou estokaj. Men, gen kat (4) eksepsyon nan definisyon sa a: si ouvèti a (1) sèvi sèlman pou gen aksè, avèk mwayen mach, nan kav oswa sousòl nenpòt bilding; (2) sèvi sitou pou limyè ak ayerasyon; (3) konpayi sèvis piblik la konstwi li oswa antreteni li (tankou chanm transfòmètè); oswa (4) se pati nan tren, chemennfè, ak estrikti asosye yo.

Yon chanm transfòmètè se yon estrikti anba sifas oswa yon sal ki gen transfòmètè elektrik yo ak ekipman anèks yo (sa vle di, ekipman ki akonpaye oswa ki asosye). Anjeneral, se yon konpayi sèvis elektrik ki enstale chanm transfòmètè yo, ki posede yo, epi ki fè antreten yo. Minisipalite vil la gen kontra avèk konpayi sèvis elektrik ki pèmèt yo okipe ak itilize pwopriyete vil la pou chanm transfòmètè yo. Konstwiksyon, modifikasyon, oswa reparasyon nenpòt vout bilding oswa chanm transfòmètè bezwen yon pèmi nan NYC DOT. Pifò travay vout bezwen apwobasyon plan ak yon pèmi nan DOB tou. Nan kèk ka, apwobasyon Komisyon Konsèvasyon Moniman (Landmarks Preservation Commission) (si vout la se nan yon distri istorik) oswa Administrasyon Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) (si vout la toupre yon tren oswa antre tinèl) obligatwa. Pou konstwiksyon yon nouvo vout bilding oswa pou agrandi yon vout bilding ki la deja, yon lisans vout nan Biwo Franchiz (Office of Franchises) NYC DOT, Konsesyon ak Konsantman ki ka Anile obligatwa.

**Kondisyon pou pèmi DOT endike nan Règ Otowout DOT sou sitwèb:**

[www.nyc.gov/html/dot/downloads/pdf/hwyrules.pdf](http://www.nyc.gov/html/dot/downloads/pdf/hwyrules.pdf)

**Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou sitwèb:**

[www.streetworksmannual.nyc/](http://www.streetworksmannual.nyc/)